

# **Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens**

Sekretarya  
Acheveche  
Pòtoprens  
Tel 515 4674

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel / Fax 222 7899  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

## **Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan**

3 mwa :  
avril, me ak jen 2007

Degi :  
konsiderasyon apre 5 lane obsèvasyon  
2002 - 2007

**Lèt tou louvri** pou tout otorite ki konsènen yo:

Mèt René Magloire, Minis Lajistis

M. Mario Andrésol, Direktè Lapolis Nasyonal

M. Fritz Jean, Enspektè Jeneral Anchèf Lapolis Nasyonal

Mèt Claudy Gassant, Komisè Gouvènman nan Pòtoprens

M. Frantz Lerebours, Pòt pawòl Lapolis Nasyonal

M. Youri Latortue, Prezidan Komisyon Jistis ak Sekirite nan Sena Republik la

M. Jean René Samson, Prezidan Komisyon Dwa Moun Sena

Kopi: M. René Garcia Préval, Prezidan

M. Jacques Edouard Alexis, Premye Minis

Mesye,

Otorite sivil ak polisyè,

Komisyon Jistis ak Lapè nan Achiduosèz Pòtoprens ansanm ak Sekretarya Komisyon nasyonal la salye n ak anpil respè. Ak lèt tou louvri sila a, Komisyon an prezante n yon lòt rapò sou vyolans ki fèt nan zòn metropolitèn nan, pandan 3 mwa : avril pou rive jen 2007. Ak rapò sila a, nou klotire 5 lane depi Jistis ak Lapè ap fè travay obsèvasyon sou zak vyolans. Komisyon an chwazi yon kritè senp pou fè obsèvasyon sila a : se **moun ki mouri anba vyolans nan kapital la**. Pou fè travay sa, nou konsilte laprès, nou koute divès moun ki pote enfòmasyon ba nou, epitou nou fè pwòp obsèvasyon pa nou. Ak tout sa, nou rekonèt limit rapò nou yo genyen. Sa vle di : reyalite a depase sa ki ekri nan rapò sila a. *Nou fè travay sila a pou fè otorite yo ak tout sitwayen ak sitwayèn yo pran konsyans reyalite vyolans ki genyen nan peyi a pi plis, paske se li menm ki pi gwo lènmi byen viv ansanm nan soyete nou an. Epitou, chak moun ki mouri merite pou yo kenbe memwa li si posib. Diyite I kòm moun mande sa.*

Pou sa k gade 3 mwa ki nan rapò sa a, nou kapab di : valè viktim ki tonbe kontinye ap bese parapò ak viktim mwa anvan yo. Men konbyen viktim ki te genyen : Mwa avril 2007 : 30 ; pou mwa me : 25 ; pou mwa jen : 15. Sa fè an total 70 viktim vyolans pou 3 mwa sa yo.

## Men ki sa k atire atansyon n

	<b>Mwa avril 2007 Viktim : 30</b>	<b>Mwa me 2007 Viktim : 25</b>	<b>Mwa jen 2007 Viktim : 15</b>
1. Sou idantite viktim yo : Polis ak ajan sekirite ki viktim	-	2 polisyé / 1 ajan sekirite	1 polisyé nasyonal / 1 Ministah
Fanm ak timoun ki viktim	10 fanm / 2 timoun	1 fanm / 1 timoun	1 fanm
Viktim yo pa konnen kilès yo ye	3	7	4
2. Sou lakòz lanmò yo : Moun ki mouri ak bal	15	12	9
Moun ki mouri ak bal lapolis/ Ministah	4	3	7
Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	2	1
Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	6	6	1
Viktim afwontman ant gang	1	-	-
Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	4	1	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt	5	3	4
Moun ki mouri nan aksidan ak move tan	8	10	2
Lot kòz ak sa yo pa konnen	2	-	-
3. Sou kèk katye : Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò <sup>1</sup> Nasyonal ak Solino	-	-	1
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè	4	1	1
Zòn Kafou	2	6	-
Gran Ravin ak Matisan	6	1	-
Petyonvil, wout Frè	5	6	1
4. Sou kèk lòt sikonsans: Moun ki mouri sou etikèt vòlò	5	1	2
Etikèt kidnapè	-	6	3

### Kèk remak sou lit kont vyolans la

Komisyon an remake ensekirite nan Pòtoprens konnen yon bese, menmsi gen zak ki kontinye ap fèt, jan rapò nou montre l. Sitou pou santaj viktim ki mouri ak bal bese anpil.

Nou konplimante Gouvènman an, lapolis ak Ministah pou pozisyon pi fèm yo rive pran parapò ak bandi ak kriminèl ki fè yo rive ak rezulta sila a.

## Arimaj, yon pratik k ap vyole dwa moun

An menm tan, Komisyon an ap denonse ak tout fòs li yon pratik lapolis mete kanpe ki rele arimaj. Ki sa k rele arimaj ? Lè lapolis (oswa Minustah) debake yon kote, li sèke yon katye, epi li arete tout jèn gason li jwenn nan zòn sa a. Kèk fwa yo konn maltrete jèn sa yo anpil. Arimaj se pa menm bagay ak yon senp kontwòl pou idantifye yon moun. Arimaj mache ak anpil vyolasyon dwa moun.

- Sou ki baz yo kenbe moun sa yo? Eske se paske se jèn yo ye k ap viv nan katye ki te cho?
- Jèn sa yo konn rete plizyè jou nan gadavi. Si yo arete yon moun, Konstitisyon peyi a fè lapolis obligasyon pou enfòme moun yo arete a sou sa k dwa I (Konstitisyon atik 24-3).
- An jeneral, pa gen okenn endis kont jèn sa yo, epi lapolis ta dwe lage yo lapoula. Nou resevwa anpil ka kote yo mande fanmi moun sa yo pou bay kòb pou fè lage yo, oswa pou pa voye yo anndan prizon. Sa se ekstòsyon lajan ak koripsyon.
- Gen nan jèn sa yo yo voye nan prizon sou akizasyon asosyasyon malfektè, pou ankèt. Yon fwa yo nan prizon, jij yo blyie si yo la, epi pa janm gen ankèt k ap fèt vre. Apre de (2) mwa, paske pa t gen ankèt epi pa gen yon akizasyon fèm, detansyon an tounen yon detansyon pwolonje ilegal ki vyole lòt dwa moun toujou.

## **Komisyon an denonse mòd pratik sa a ki rele arimaj, pou jan I louvri pòt pou anpil vyolasyon dwa moun fèt.**

### Montre moun yo akize devan kamera

Nou pa konprann poukisa prezime bandi dwe parèt devan kamera laprès, pou yo montre figi yo epi pou journalis poze yo kesyon. Pratik sa a tou vyole dwa moun yo arete yo.

- Tout moun sanse inosan toutotan yo pa jije I epi kondane I, apre ankèt la fin fèt.
- Yon journalis se pa yon jij denstriksyon. Pratik la kapab enfliyanse ankèt la ki dwe fèt annapre.
- Nan ka yo prezante moun ki inosan devan kamera yo, yo tou kole etikèt bandi sou do yo.

Leta (lapolis) fèt pou respekte lalwa nan moman yo arete moun. Menm si yo sispecèk yon moun kòm bandi, Leta dwe respekte lalwa, se sèl garanti pou yo kapab fè yon ankèt ki serye, epi pou yo kapab jije e kondane koupab yo kòm sa dwa.

## **Yon pozisyon fèm devan vyolans, banditis, kriminalite ak enpinite nan sosyete a pa vle di pase lalwa ak dwa moun anba pye.**

### Travay pou jistis sosyal

Batay kont ensekirite ak vyolans mande lòt bagay toujou. Lè n gade sa k pase nan zòn yo te konsidere zòn non-dwa yo, men ki sa n konstate : Leta prèske absan ; pa genyen anpil aktivite pou chanje lavi moun yo, sitou lavi jèn yo ; pa genyen aktivite ekonomik, pa gen travay, se chomaj ase moun yo konnen.

Leta dwe prezan nan zòn sansib yo tankou nan Site Solèy ak tout sèvis e ankadreman sitwayen ak sitwayèn yo merite jwenn, tankou dlo, etasivil, Iwazi, travay, lekòl ak fòmasyon, elatriye.

Ki envestisman k ap fèt nan Site Solèy pou louvri yon avni reyèl pou jèn yo ? Kote envèstisman sektè prive a ki t ap mande sekirite pou yo te kapab envèsti nan peyi a ?

**Ensekirite ak vyolans pa p jwenn solisyon si yo pa geri vyolans sosyal la k ap detwi sosyete a chak jou pi plis.**

**Pou fini, Komisyon Jistis ak Lapè yo ki nan zòn Pòtoprens salye yon lòt fwa tout jefò k ap fèt pou kreye yon klima sekirite nan peyi a, menm si yo timid toujou. Nou salye jefò Lapolis Nasyonal la ap fè nan moman sa a. Nou salye sitou jefò ka p fèt anndan katye popilè yo, jefò gran sosyete a pa konnen, men ki ede sosyete a fè yon pa annavan. Men tout moun dwe konprann chimen an long toujou. Lit kont koripsyon ak enpinite, kont eksklizyon ak mete moun sou kote, lit pou lajistis ak verite blayi fenk kòmanse.**

Pou Komite Direktè Jilap Achipo ak Jilap Nasyonal la.

11 jiyè 2007

*Le texte créole est original*

Messieurs les autorités civiles et policières,

La Commission Archidiocésaine Justice et Paix et le secrétariat de la Commission nationale vous saluent respectueusement. Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente un nouveau rapport sur la violence dans la zone métropolitaine durant 3 mois : avril à juin 2007. Ce rapport boucle 5 ans d'observation de la violence dans la capitale. Nous choisissons un critère simple pour la mesurer: **le nombre de victimes mortelles de violence à travers les rues de la zone métropolitaine**. Nous avons consulté la presse ; nous avons rencontré des témoins ; nous avons fait nos propres observations. Nous reconnaissions les limites de notre travail ; nous savons que la réalité dépasse les données ici recueillies. *Notre objectif est de sensibiliser les autorités et tous les citoyens et citoyennes sur la réalité du pays, parce que la violence constitue un handicap majeur pour une convivialité pacifique entre les citoyens. Ensuite, chaque victime mérite qu'on fasse mémoire de lui. Sa dignité humaine le demande.*

Au cours de ces trois mois de 2007, nous avons enregistré 70 victimes ; pour le mois d'avril : 30 ; pour mai : 25 ; et pour le mois de juin : 15. Le nombre de victimes mortelles dans la rue continue donc à baisser de façon importante. Nous saluons ce résultat des efforts entrepris.

### Voici nos constats

	<b>Avril 2007 Victimes : 30</b>	<b>Mai 2007 Victimes : 25</b>	<b>Juin 2007 Victimes : 15</b>
<b>1. Sur l'identité des victimes :</b> <b>Policiers et agents de sécurité</b>	-	2 polisyé / 1 ajan sekirite	1 polisyé nasyonal / 1 Ministah
<b>Femmes et enfants</b>	10 fanm / 2 timoun	1 fanm / 1 timoun	1 fanm
<b>Victimes non identifiées</b>	3	7	4
<b>2. Sur la cause de mort</b>			9
<b>Morts par balle</b>	15	12	
<b>Morts par balle de la police / Minustah</b>	4	3	7
<b>Morts dans affrontement gang avec police / Minustah</b>	-	2	1
<b>Morts par balle par de gangs</b>	6	6	1
<b>Morts lors d'affrontement entre gangs</b>	1	-	-
<b>Morts par balle d'inconnus</b>	4	1	-
<b>Morts par arme blanche, couteau, roches, bâton</b>	5	3	4
<b>Morts accidentels</b>	8	10	2
<b>Autres causes</b>	2	-	-
<b>3. Concernant certains quartiers</b>			
<b>Bel Air, Delmas 2 et 4, Fort National, Solino</b>	-	-	1
<b>La Saline, Cité Soleil, Cité militaire</b>	4	1	1
<b>Zone de Carrefour</b>	2	6	-
<b>Zone Martissant et de Grande Ravine</b>	6	1	-
<b>Route de Delmas et Pétion- ville</b>	5	6	1
<b>4. Autres circonstances</b>			
<b>Morts pour accusation de vol</b>	5	1	2
<b>Accusation kidnappeur</b>	-	6	3

**A cette occasion la Commission veut formuler un nombre d'observations concernant la lutte contre la violence.**

En effet, l'insécurité, surtout le nombre de morts par balle, a baissé au cours de ces derniers mois, grâce aux décisions du Gouvernement et les efforts de la police nationale, appuyée par la Minustah. Des actes de violence se produisent de temps à autre, comme illustré par notre rapport. Le Gouvernement mérite encouragement pour sa position face au banditisme et les groupes armés dans la ville. Nos remarques concernent 3 points :

## L'arrimage, une source de violations des droits

La Commission dénonce la pratique de l'arrimage dans la lutte contre le banditisme : parfois la police (ou la Minustah) débarquent dans des zones et arrêtent les jeunes de la zone. Parfois les jeunes appréhendées sont victimes de mauvais traitements. L'arrimage va visiblement plus loin qu'un simple contrôle d'identité. La pratique de l'arrimage est une porte ouverte sur les violations des droits des personnes.

- D'abord sur quelle base se font ces interpellations ? Serait ce parce qu'on est jeune dans un quartier réputé chaud ?
- Les personnes appréhendées restent des jours en garde à vue. Lors d'une arrestation, la police doit informer les personnes arrêtées de leurs droits, selon les prescrits de la Constitution (art 24-3).
- En général, il n'y a pas d'indices contre ces jeunes et la police devrait les relâcher immédiatement. Nous recevons des plaintes où des familles sont demandées de verser une rançon pour relâcher un jeune ou bien pour qu'on ne l'envoie pas en détention. Ceux-ci sont des pratiques d'extorsion et de corruption.
- Certains jeunes sont détenus pour enquête sur accusation d'association de malfaiteurs. Une fois au pénitencier, le juge peut bien les oublier et ne même pas faire d'enquête. Après deux mois sans enquête concluante ou accusation ferme, la détention devient prolongée et illégale et source de nouvelles violations de droits humains.

**La Commission dénonce cette pratique appelée arrimage, et qui est source de violations des droits des personnes.**

## Exhiber des détenus devant les cameras

Nous ne comprenons pas pourquoi un présumé bandit devrait être exhibé devant les cameras pour être soumis à un interrogatoire par des journalistes. Cette pratique est une violation des droits de la personne arrêtée.

- Chaque personne arrêtée est censée innocente tout autant qu'il n'ait pas d'enquête et de condamnation formelle par un tribunal.
- Un journaliste n'est pas un juge d'instruction. Au contraire, la pratique pourrait bien influencer l'enquête à faire par un juge.
- Dans le cas où la personne est innocente, cette pratique nuit gravement à sa réputation de citoyen honnête.

L'Etat (la police) doit respecter scrupuleusement la loi lors des arrestations. L'Etat doit respecter les droits même des personnes sur lesquelles pèsent de graves suspicions ou accusées par la clamour publique. C'est la seule garantie pour qu'il y ait un procès équitable avec des sanctions correctes.

**Une position ferme devant la violence, le banditisme, la criminalité et l'impunité dans la société ne devrait pas servir de prétexte pour passer outre la loi et le respect des droits humains.**

## Réaliser la justice sociale

La lutte contre l'insécurité et la violence ne peut se limiter à des actions répressives bien que nécessaires. En ce moment dans les zones qui étaient considérées comme zones de non droit, nous constatons : une absence quasi-totale de l'Etat ; très peu d'activités pour changer la vie des gens surtout des jeunes ; peu d'activités économiques et chômage ; le désespoir bat son plein.

L'Etat devrait être présent dans des zones sensibles comme Cité Soleil avec tous les services et encadrement que la population a le droit de jouir de la part de l'Etat : service de l'eau potable ; l'état civil ; présence policière ; loisir ; activités économiques ; formation.

Où sont les investissements qui devraient transformer le désespoir des jeunes en avenir ? Où sont les investissements du secteur privé, qui demandait sécurité pour être en mesure de créer du travail ?

**L'insécurité et la violence ne trouveront pas de solution durable si on n'attaque pas la question de la violence sociale qui est en train de détruire la société chaque jour davantage.**

**Les Commissions Justice et Paix de la zone de Port-au-Prince saluent encore une fois les efforts entrepris pour créer un climat de sécurité dans le pays, même si c'est avec beaucoup de hésitations. Nous saluons les efforts de la Police Nationale. Nous saluons les efforts entrepris dans les quartiers populaires, des efforts souvent méconnus par la grande société, mais qui permettent au pays de faire un pas. Le chemin est encore long. La lutte contre la corruption et l'impunité, pour la justice et la vérité vient de commencer.**

Pour le Comité Directeur de la Commission archidiocésaine et de la Commission nationale.

Djimpps Gilles  
Sekretè Egzekitif Achipo Pòtoprens

P. Jan Hanssens  
Direktè nasyonal

**Tablo vyolans sou zòn metropolitèn nan**  
**Pou mwa avril 2007**

<b>Jou ak dat</b>	<b>Enfòmasyon sou viktim yo</b>	<b>Ki kote, zòn, katye</b>	<b>Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan</b>
Dimanch 1 avril 2007	Yon sitwayen meriken, 68 lane	Petyonvil, Pegivil	Yo te kidnape l'apre yo asasinen l', paske li te fin sèvi ak yon fanm li pa t peye l. Lapolis te arete koupab yo.
Madi 3 avril 2007, 6 : 00 PM	Jonas, yon kanbis	Kafou, Avni Kristòf Chanèl, zòn Wòch	Bandi ak zam yo pa rive idantifye, asasinen l'ak 3 bal.
Mèkredi 4 avril 2007, 4 : 00 PM	Bob Lecorps, yon dilè dwòg	Petyonvil, Pènye 30	Li mouri nan yon pyèj, lè yon gwoup bandi te rele l'nan telefòn pou yon rankont. Nan echanj kout zam, bal li te fini epi bandi yo te rive viktim li ak bal.
Jedi 5 avril 2007, nan apremidi	Dania Alexandre, 30 lane	Pòtoprens, Debisi	Li mouri ak zam blanch. Mari li matirize l' : 2 je l'pete ak 2 men l'kase.
Dimanch 8 avril 2007	Frantzy, yon jèn gason	Kafou, zòn Wane	Bandi ak zam ki nan zòn nan touye l'ak 5 bal nan yon kominezon yo te pare pou li.
Dimanch 8 avril 2007, 6 : 15 PM	Michel Deneuville, 40 lane	Pòtoprens, wo Tijo, Manrès	Yo vin jwenn li mouri anba yon etaj ak tèt li kase. Li ta sanble ak yon moun ki touye tèt li, e ki lage l'kò l'anba.
Dimanch 8 avril 2007, nan apremidi	4 viktim machann	Pòtoprens, Matisan 23	Yon chofè kamyonèt pèdi kontwòl antre sou yon gwoup machann. 4 nan yo mouri sou plas ak plizyè lòt blese.
Lendi 9 avril, 2007, nan apremidi	Yon enfimyè	Pòtoprens, Pòtay Leyogan	Li t ap mache ak 2 lòt enfimyè parèy li. Li pran yon bal nan kou l', li mouri lapoula, lòt yo blese nan men.
Madi 10 avril 2007, 7 : 00 PM	Emmanuel, yon jèn gason	Kafou, riyèl Titis	Popilasyon ki nan zòn sa a, touye l'ak kout wòch sou etikèt vòlò.
Madi 10 avril 2007, nan aswè	Bateau Bertran Junior, yon ansyen manm JILAP pawas Karidad	Pòtoprens, Kafou Fèy, zòn Foucha	Yo vin jwenn li mouri ak bal anndan yon kay. Lapolis te vini, li te fè kèk arestasyon.
Jedi 12 avril 2007, 7 : 00 PM	Soso, yon jèn fanm	Pòtoprens, Kafou Fèy, zòn Foucha	Yo vin jwenn li mouri ak bal nan men bandi yo pa rive idantifye.
Samdi 14 avril 2007, nan apremidi	4 bandi	Pòtoprens, Bisantnè, Vilaj de Dye	Apre yo te fin agrese etidyan nan Invèsite Kiskeya, lapolis tire youn, lapolis rapouswiv lòt 3 yo jis anndan Vilaj de Dye.
Madi 17 avril 2007, 4 : 00 PM	Yon madanm	Dèlma, wout Dèlma 33	Li viktim, lè yon gwo kamyon diri te pèdi fren nan monte yon mòn. Machin nan chavire ak kawotchou anlè, plizyè sak diri t al tonbe sou viktim nan ki t ap mache sou wout la.
Jedi 19 avril 2007, nan apremidi	Maxi Cynthia Venus, 11 lane, yon elèv lekòl	Dèlma, Dèlma 15	Pandan li t ap randre lakay li, lè l' te sòti lekòl, yon machin te pèdi fren, randre sou li. Chofè a te gen 16 lane.

Mèkredi 19 avril 2007, nan aswè	2 viktim: yon timoun ak yon bòkò	Petyonvil, Bristoun	Yo fè yon sakrifis asasinay sou timoun nan. Moun nan zòn nan, touye bòkò a. Lapolis te vin arete yon madanm ak 2 ti fi ki te nan kay la.
Samdi 22 avril 2007, nan apremidi	2 fanm : Majorie M. Exavier (Mme Rodrigez Metellus), ak yon zanmi l	Pòtoprens, bitasyon Sen Leje 4 triyèm Avni Bòlòs	Bandi ak zam asasinen l ak bal devan kay li, ak tout yon zanmi l ki t ap pale ak li.
Lendi 23 avril 2007, nan aswè	Hugues Saint Pierre, 75 lane, yon pwofesè	Dèlma, wout Dèlma	Li viktim nan yon aksidan machin, nan moman li t ap rantre Pòtoprens. Viktim nan se prezidan koudapèl premye enstans Gonayiv. Li mouri lopital.
Jedi 26 avril 2007, nan aswè	Nadine Hyppolite, yon fanm achitèk	Petyonvil, ri Klèvo	Bandi t ap swiv li, yo atake l pandan li te sou machin, li pa t vle bay valiz li. Bandi yo asasinen l.
Vandredi 27 avril 2007, nan maten	Yon kadav	Kafou, wout Ray, zòn Rivyè Fwad	Yo vin jwenn kadav li. Kadav la te rete fè anpil tan atè a.
Lendi 30 avril 2007, nan maten	Yon jèn gason	Dèlma, Dèlma 65	Popilasyon ki nan zòn nan, leve jwenn kadav li rache ak kout manchèt. Plizyè moun te pale, yo di yo p at konn viktim nan.
Lendi 30 avril 2007, nan aswè	Yon jèn gason	Dèlma wout Ayopò	Li t ap kondwi yon machin, machin nan pèdi fren ak li, l al frape nan yon mi. Li mouri lapoula.
Lendi 30 avril 2007, 8 : 00 PM	Jude, yon jèn gason	Pòtoprens, Pòtay Leyogan	Bandi ak zam nan Ti Bwa asasinen ak bal, paske li kite baz la.
Total	30 viktim		

**Tablo vyolans sou zòn metropolitèn nan  
Pou mwa me 2007**

<b>Jou ak dat</b>	<b>Enfòmasyon sou viktim yo</b>	<b>Ki kote, zòn, katye</b>	<b>Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan</b>
Nan kòmansman me 2007,	Yon ajan sekirite	Petyonvil, ri Panamerikèn	Bandi touye l ak bal, nan moman li te sou sèvis li.
Lendi 14 me 2007, nan apremidi	3 moun: yon machann, yon timoun ak yon chofè	Pòtoprens, kafou Sintis, wout Dal	Yon kamyon baskil pèdi fren, li pase pran moun sa yo. Yon timoun, yon machann ak chofè a. Gen 5 lòt ki te blese.
Lendi 14 me 2007, 2 : 00 PM	Amose Pierre	Site Solèy, wout Nèf	Li mouri nan aksidan, nan moman yon kamyon t al fè kolizyon ak yon motosikèt.
Jedi 17 me 2007, nan aswè	Josue, yon jèn gason	Pòtoprens, Bisantnè	Lapolis te kanpe l, li pa t rete. Lapolis te tire l. Viktim nan te fè pati yon gwoup karate.

Jedi 17 me 2007, nan aswè	Job, yon mesye	Pòtoprens, Matisan, riyèl Sen Benadèt	Li resevwa yon bal, nan moman li t ap pase nan zòn nan. Viktim nan te manm nan yon gwoup karate.
Vandredi 18 me 2007, 10 : 00 AM	Yon jèn gason	Dèlma, wout Ayopò	Yon polisye tire l ak 2 bal, nan moman li t ap dechèpye yon kanbis.
Vandredi 18 me 2007, 7 : 00 PM	Joseph Ernst Sony, 25 lane, yon polisye 18tiyèm	Kafou, Lamanten 52	Bandi yo pa rive idantifye asasinen l ak bal. Bandi yo te gen tan kouri.
Vandredi 18 me 2007, nan aswè	Vernier Ulysse	Petyonvil, wout Frè, ri Sen Lwi pwolonje	Yon gwoup bandi ame vin lakay li, yo fè anpil tire. Viktim nan resevwa 2 bal, l al mouri lopital apre 2 jou.
Samedi 19 me, nan apre midi	Blanc, yon jèn gason	Petyonvil, wout Frè	Li te anndan yon machin, li sot tonbe. L al mouri lopital.
Lendi 21 me 2007, nan maten	Yon jèn gason	Pòtoprens, anba Lavil	Apre yo te fin kidnape l nan dat 20 me. Popilasyon an leve jwenn kadav li nan dat 21 me a.
Lendi 21 me 2007, 7 : 20 PM	Patrik Jean Pierre, 32 lane, yon polisye 14 zyèm	Kafou, Lamanten 52, bò lise Kafou a.	Bandi yo pa rive idantifye asasinen l ak bal. Bandi yo te gen tan kouri. Popilasyon an mete dife nan ti mache a.
Lendi 21 me 2007, nan aswè	Pierre Richard, 16 lane	Kafou, Lamanten 52	Abitan ki nan zòn nan, touye l ak kout bwa epi yo boule kadav li. Yo te akize l, kòm moun ki te enplike nan lanmò polisye yo.
Madi 22 me 2007, 7 : 00 PM	François Latour, 60 lane, yon jounalis komedyen	Dèlma 31, ak wout Batima	Yo te kidnape l, apre y al jwenn kadav li anba yon kanal, asasinen ak bal.
Madi 22 me 2007, nan aswè	Yon jèn gason	Petyonvil, Jakè Toto	Yo vin jwenn li mouri, anndan yon kay aprè yon gwo lapli te fin tonbe.
Jedi 24 me 2007, nan apremidi	Chamblin	Kafou, Lamanten 52	Abitan ki nan zòn nan, touye l ak kout bwa epi yo boule kadav li. Yo te akize l, kòm moun ki te enplike nan lanmò polisye.
Jedi 24 me 2007, nan apremidi	2 moun : Ti David ak Ti Jeff	Pòtoprens, kafou Fèy	Yo mouri ak bal, nan echanj kout zam ak lapolis. Yo se moun Kafou, yo te sisipèk nan lanmò polisye yo.
Madi 24 me 2007, nan aswè	2 moun	Pòtoprens, kafou Fèy, Maglwa Anbwaz	Yo vin jwenn yo mouri, nan move tan, apre yon gwo lapli te fin tonbe.
Samdi 26 me 2007, nan apremidi	Makendi Marcellin, 26 lane	Kafou, Lamanten 52	Abitan ki nan zòn nan, touye l ak kout bwa epi yo boule kadav li. Yo te akize l, kòm moun ki te enplike nan lanmò polisye yo.
Mèkredi 30 me 2007, 7 : 00 PM	Roger alyas John	Kafou, Bwochèt 97	3 jèn gason t al fè yon tantativ kidnapin, yon polisye tire youn, 2 lòt yo kouri.
Jedi 31 me 2007, nan aswè	Yon gason ak yon fanm	Petyonvil, zòn Dezèmit	Yo viktim nan move tan apre yon gwo lapli te fin tonbe.
Total	25		

**Tablo vyolans sou zòn metwopolitèn nan  
Pou mwa jen 2007**

<b>Jou ak dat</b>	<b>Enfòmasyon sou viktim yo</b>	<b>Ki kote, zòn, katye</b>	<b>Esplikasyon nou ranmase sou viktim nan</b>
Samdi 2 jen, nan aswè	Yon mesye, diaspora	Pòtoprens, katye Belè, ri Dikè	Yon fanm li genyen, li pa t vle kouche ak li. Fanm nan rache l ak manchèt. Viktim nan te sòt nan peyi etranje.
Dimanch 3 jen 2007, 4 : 00 PM	Yon mesye	Pòtoprens, Kafou Fèy	Yon bis Kafou Fèy pèdi fren, li frape l, chofè a pa t kanpe.
Dimanch 3 jen 2007, nan aswè	Dola, yon jèn gason	Pòtoprens, Gran ri, koridò Leand	Moun yo pa rive idantifye tire l ak 3 bal. Yo te konnen l kòm moun ki konn fè move zafè.
Dimanch 3 jen 2007, nan aswè	Yon mesye	Pòtoprens, ri Dikè	Yon lòt jèn gason touye l ak yon pik, pou kòz jalouzi yon fanm.
Lendi 4 jen 2007, 11: 00 PM	Yon jèn gason	Pòtoprens, Bisantnè	Li viktim ak bal, nan men lapolis.
Lendi 4 jen 2007, nan aswè	Nikès Cantave, yon polisye 18yèm	Pòtoprens, Avni Foucha	Polisye a tire tèt li ak zam li. Li te lakay li.
Mèkredi 6 jen 2007, 10 : 30 AM	2 moun: Seide Ernso ak yon lòt jèn gason	Dèlma, wout Dèlma 69	3 Bandi te sou yon motosiklèt, yo t ap suiv yon fanm ki t ap sòti la bank. Nan moman yo te atake fi a ak zam yo, lapolis te reyaji. 2 nan gang yo mouri ak bal sou plas, youn te bese ak bal. Li t al pran swen lopital.
Samdi 9 jen 2007, 9 : 30 AM	Madam Silvya Loture	Pòtoprens, ri Disant	Yon mesye touye l ak plizyè kout kouto bò yon pil fatra. Lapolis te sou plas li mete men sou nèg la, nan moman li te vle chape pouli.
Samdi 9 jen 2007, nan maten	Alexis Jean Louis alias Chouchou, yon bandi	Dèlma, Dèlma 33, ri Chabonyè	Lapolis t ap rechèchè l, yo vin jwenn li t ap jwe. Yo tire l ak plizyè bal.
Samdi 9 jen 2007, nan maten	Jean Louis Edgard Napoleon, mèt Milenyòm Plaza	Petyonvil, zòn Frè	Se yon moun lapolis t ap chache. Bandi yo pa rive idantifye asasinen l ak bal.
Samdi 9 jen 2007, nan apremidi	Yoyo Piman, yon chèf gang	Site Solèy, Belekou	Li mouri ak bal, nan echanj kout zam ak Ministah.
Jedi 14 jen 2007, nan apre midi	Kapo Hamdan Bani Ahmad, Ministah Jòdanyen	Site Solèy, wout Nasyonal # 1	Li viktim nan yon aksidan ak 3 lòt moun ki te ak li. Li mouri lopital.
Samdi 23 jen 2007,	Yon jèn gason, 25 lane	Petyonvil, zòn Jerado	Li te yon diskisyon ak 6 lòt konpayèl li pou yon lajan yo te vòlò. Yo touye l ak kout wòch pou li pa t denonse yo.
Samdi 30 jen 2007, nan aswè	Reginald, yon chèf bandi	Pòtoprens, ri Kapwa, bò Top 50	Li mouri ak bal, nan awfontman ak lapolis.

Total	<b>15 viktим</b>		
-------	------------------	--	--



*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*  
*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel / Fax 222 78 99  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

**Kèk konsiderasyon apre 5 lane obsèvasyon vyolans  
nan zòn metropoliten an : 2002 - 2007**

**1. Poukisa Jilap te antre nan obsèvasyon sa a ?**

Se reyalite moun ki mouri nan lari ak reyalite vyolans lan menm ki te fè n antre nan obsèvasyon sistematik sila a.

- a. Nou te vle kanpe pou diyite moun ak respè kò 1 merite, menm apre 1 fin mouri. Yon moun ki mouri nan lari se pa menm bagay ak yon chen.
- b. Nou te vle bay yon kontribisyon pou moun pran konsyans, reyalite vyolans epi pou genyen plis lapè ak byen viv ansam nan peyi a.
- c. Yon bon obsèvasyon pèmèt pou chita tout pwopozisyon yo sou reyalite.
- d. Nou te komanse obsèvasyon sila a, depi jiyè 2002, sa fè 5 lane pase, pou sousi pou verite a. Nou te vle genyen yon zouti nan men n pou konbat tout voye monte.
- e. (Pou fini) Obsèvasyon sila a se yon zouti fòmasyon li ye pou manm nou yo nan Jilap. Nou aprann fè obsèvasyon yon fason kòrèk, san wete san mete. Nou aprann reflechi sou reyalite a san voye monte. Obsèvasyon vyolans ak vyolasyon dwa moun se yon lekòl fòmasyon li ye.

**2. Ki repons rapò nou yo te jwenn ?**

Chak de ou twa mwa nou te pibliye yon rapò. Jodi a nou rive sou rapò nimewo 23. Chak rapò se rezilta anpil refleksyon, echanj, verifikasyon,...

Nou voye rapò sa yo bay otorite ak reskonsab yo an premye lye. Se yo k reskonsab pou kreye sekirite nan peyi a anvan tout lòt moun. Kòm se yon lèt tou louvri, nou toujou fè laprès jwenn kopi. Ann gade repons nou jwenn.

- a. Repons otorite yo te toujou fèb. Pa menm gen yon akize resepsyon, oswa yon ti mo apresyasyon ou ankourajman. Pandan 5 lane nou pa sonje yon otorite ki te mande detay, ki te mande esplikasyon. Kèk fwa ou santi rapò yo genyen yon ti enfliyans nan yon diskou ofisyèl. Kèk pati politik te montre enterè yon lè. De ou twa fwa nou te kapab rankontre ak pòt pawòl Lapolis la (Mme Coicou) pou analize kèk pwen ki te konsènen vyolans nan vil la, lit kont enpinite, el. Nou remèsyè pòt pawòl PNH la pou atansyon sa a. Men nou dwe di tou : chak fwa gen chanzman k ap fèt anndan PNH, travay la pou tabli kontak ak reskonsab yo dwe rekòmanse. Sa vle di pa t gen kontak vre onivo enstitisyon yo. OPC (Mr. Necker Dessables) te ekri n yon lèt pou montre apresyasyon pou travay sila a. Nou remèsyè Pwotektè sitwayen an pou sa.

- b. Nan laprès, akèy rapò nou yo an jeneral pa t twò mal. Nou te jwenn bon atansyon. Kèk rapò te jwenn bon eko ni nan radyo ni nan jounal yo tou. Gen radyo ki li lèt piblik la nèt. Souvan nou jwenn yon apèl nan telefòn pou mande plis detay. De (2) estasyon televizyon te envite n pou fè yon koze. Epoutan, akèy la te pafwa diferan selon konjonkti a, selon gouvènman an ki an plas ak selon tandans laprès la genyen tou. Nan kèk laprès, fason yo pale sou vyolans ak kalite vyolans yo bay, konn genyen tou yon sans politik. [N ap sonje moman OP, GNB, elatriye. Ki gouvènman k ap vyole dwa moun plis pase lòt, elatriye]. Antouka, nou remèsye laprès pou atansyon li te bay rapò sa yo.
- c. Gen moun ki te sèvi ak rapò yo pou fè etid sou kondisyon dwa moun nan peyi a. Nan dyaspora a, depi yon lane yo tradwi yo nan lang angle (M. Blanchet).

### 3. Obsève vyolans konn genyen yon sans politik

Reyakson nou jwenn sou travay la, mennen n nan sans politik vyolans la menm genyen.

- a. Jilap toujou te kenbe menm prensip, menm metòd ak kritè pou fè obsèvasyon sila a pandan senk lane sa yo. Nan senk dènye ane sa yo, peyi a te viv divès kalite vyolans. Gen vyolans ki te gen sous li nan Gouvènman an ak nan gwoup ki te gen relasyon ak li, nan gwoup ki te kont li (opozisyon), nan gwoup ki t ap defann pwòp enterè pa yo (kriminèl ak dwòg). Men gouvènman yo ak sa k nan pouvwa yo chanje. Yon lè (2004), lapolis te divize anndan l pou motif politik : sa sete yon gwo sous vyolans.
- b. An jeneral, lè gen anpil vyolans, sa montre Gouvènman an « pa bon » paske li vyole dwa moun. Se konsa yo te konn sèvi ak rezulta obsèvasyon nou yo sou gouvènman Lavalas apre lan 2000, kòmsi tout viktим yo sete entolerans politik Lavalas. Men tou, yo kapab fè vyolans epi voye chay la sou lòt, jan sa te fèt pandan sa yo te rele « operasyon Bagdad » la (pandan gouvènman tranzisyon an) : vyolans te dwe montre gouvènman an pa t kab dirije peyi a, epitou, li sous oswa aktè nan vyolans la. Gouvènman tranzisyon an te fèb vre, men nou pa kapab di li te mete gwoup ak zam deyò.
- c. Gen yon rapò yo te pibliye nan Miami (nan yon jounal ki rele *The Lancet*, out 2006, se Athena Kolbe ak Royce Hutson ki ekri l) kote yo plede di : pandan epòk tranzisyon an (ant fevriye 2004 ak desanm 2005), te kapab genyen 8.000 asasinay nan zòn metwopolitèn nan. Gwo chif sa a ta dwe montre jan Gouvènman tranzisyon an (ak lapolis e Ministah) t ap fè krim a gogo nan peyi a. Chif pa nou yo pa janm te rive wo konsa. Nou te rive nan chif 1.641 viktим pou menm epòk la nan kapital la. Atik la genyen yon objektif politik sèten.

### 4. Ki sa 5 lane obsèvasyon vyolans te fè n wè ?

- a. Rapò yo te montre gwo danje zam nan men moun genyen. Plis pase 76 % moun ki mouri ak vyolans, mouri ak zam, anba bal. Jilap plede pou gen bon jan lwa sou trafik zam. Nou kontan paske Ayiti te pami peyi yo ki te entwodwi demann pou LONI vote konvansyon sou zam lejè (2007). Men nou pokò wè Gouvènman an ap mennen yon aksyon konsekan anndan peyi a nan menm sans lan. Jilap mande pou genyen yon dezameman konsekan, pou yo kontwole zam yo, pou yo rejistre yo. Leta dwe kontwole komès zam ak bal. Leta dwe pran reskonsablité l yon fason kòrèk.

- b. Pouvwa Leta pa kapab chita sou zam nan men gwoup ak zam : chimè, zenglendo, OP, nenpòt ki non yo bay yo. Se sèl Leta ki gen privilèj vyolans lejitim, sa vle di : nan kad sa lalwa mete. Men la tou, moun ki manyen zam dwe fè l ak konsyans e konpetans, paske yon zam rete yon zam. Epi, yon moun toujou rete yon moun : anvi pouvwa, danje pou sèvi mal ak pouvwa toujou la. Dwe gen respè pou lalwa nan kad yon eta dedwa. Dwe genyen yon kòd etik sere pou tout moun ki poutèt rezon sekirite lòt yo dwe pote zam nan sosyete a. (Yon kòd etik se yon seri règ ki di ki jan pou yon moun egzèse pwofesyon an yon fason kòrèk).
- c. Enfliyans vyolans genyen sou jèn ak timoun enpòtan. Anpil manm nan gang yo, se jèn yo ye. Anpil moun te temwen timoun ki te nan gang kòm eklerè oubyen yo voye yo pou fè zak. Vyole dwa timoun konsa se yon bagay grav. Lòt timoun te viktим vyolans. Egzanp : yon gwoup « tolerans zero » te asasinen yon gwoup 6 timoun jou ki 29 sektanm 2002 nan zòn Bwadchèn nan Pòtoprens. Okenn ankèt pa janm fêt. Konsa, plizyè timoun mouri nan vyolans granmoun, sitou gason, ap fè.
- d. Dènye ka sa yo montre : vyolans mache ak yon klima enpinite total. Prèske pa gen ankèt k ap fêt. Pa gen rechèch, pa gen otòpsi. Pa gen arrestasyon. Pa gen jijman.
- e. Konbat « ensekirite ak vyolans » kapab genyen yon degré represyon ki nesesè ladan 1, kont kriminèl tout kalite, menm si motivasyon yo politik. Men sitou, pou konbat vyolans : dwe genyen jistics sosyal. Toutotan genyen gwo separasyon ant rich ak pòv, toutotan pi fò moun pa kab viv, ap gen vyolans, menm si se pa vyolans ak zam. Timoun k ap mouri grangou oubyen paske yo pa jwenn swen lopital, se yon vyolans. Malad ki pa jwenn swen (poutet neglijans ak grèv pwolonje anplwaye, oubyen poutèt Leta ki pa pran reskonsabilite), se yon vyolans. Jèn ki pa kab devlope konpetans yo, se vyolans. El. Enjistik sosyal se yon kalite vyolans sosyete a ap fè pitit li yo ki viktим sibi.
- f. Nou pa fèmen je n sou vyolans kriminèl ki genyen, règleman kont. Yon seri gwo krim te fêt sou fanm nan dènye ane sa. Epitou, gen lòt fòm vyolans toujou : vyòl, kidnapin, el. Nou pa gen dwa blyiye l. Nou dwe denonse yo.

## 5. Apre tout refleksyon, ki sa ki pi gwo sous vyolans ?

Evènman peyi a sòt viv montre :

- a. Vyolans genyen pi gwo sous li nan **enjistik sosyal yo**. Peyi a ap viv yon reyalite vyolans nan jan chapant sosyete a menm bat. Ti ponyen moun rich akote mas moun pòv se yon vyolans li ye, se yon sous vyolasyon dwa moun k ap kreye nouvo fòm vyolans ki parèt aklè nan fristrasyon, nan tout kalite zak gwo ponyèt ak agresyon. Pale sou jistik sosyal pa sèvi anyen, si sektè yo ki kontwole ekonomi peyi a pa deside envèsti nan sa k pèmèt peyi a pwodui richès, epi si richès yo pa separe yon jan pou tout moun jwenn dekwa. Sa mande yon chanjman radikal nan jan chapant sosyete a bat.
- b. **Migrasyon ak deplasman moun yo**, sitou jèn yo, ki antre nan kapital la ak vil yo, e ki pa jwenn yon chimen pou reyalize vi yo fè kesyon jistik sosyal parèt pi klè toujou. Yo mare pwoblèm vyolans la ansanm ak kesyon jesyon espas natirèl peyi a, anviwònman an ak demografi a menm.
- c. Vyolans mare ak **fason yo fè politik nan peyi a**. Nan dènye 20 lane peyi a sòt viv, yo te vle regle anpil konfli politik ak zam. Pafwa yo te vle fè politik nan non moun pòv yo, swadizan pou rezoud pwoblèm yo e pou mete jistik nan peyi a. Kit sete lame, kit sete gwoup para militè, kit se gwoup ak zam oswa gang, kit sete jefò pou kontwole nouvo fòs lapolis, depi gen zam ak vyolans, « fè politik » rete yon lit pou pouvwa. Nan peyi nou, politik pokò tounen yon chimen pou reyalize « sa ki nan enterè tout moun », yon

enstriman pou reyalize *le bien commun*. Lè a rive pou politisyon yo jwenn lòt chimen pou regle pwoblèm majorite moun pòv yo nan peyi a. Se li k chimen demokrasi patisipatif ak Leta dedwa a. Sitiyasyon enjistis moun pòv yo ap sibi rete yon gwo menas pou sekirite ak lapè nan peyi a.

- d. **Mòd politik sila nou genyen an bezwen enpinite.** Enpinite mande pou sistèm jidisyè a pa fonksyone. Si sistèm jidisyè a pa fonksyone pa kab gen sekirite. Ensekirite se pa sèl konsekans vyolans ak zam. Men, absans jistis kreye yon lòt kalite ensekirite toujou, nou rele « ensekirite jidisyè » (paske tribunal yo pa bay moun sekirite jistis devan lalwa).

## 6. Ki sa Jilap pwopoze ?

Jilap te fè plizyè pwopozisyon an rapò ak vyolans la. Si n konsidere sa n te aprann, ak sa n konsidere kòm sous vyolans, nou deja wè plizyè pwopozisyon.

- a. Jilap plede pou yon Leta reskonsab, kote moun ki asepte yon fonksyon, oswa moun yo konfyé yon fonksyon, pran reskonsablité yo tout bon.
  - i. Leta dwe kontwole komès zam ak bal.
  - ii. Lapolis dwe byen òganize, konpetan e byen motive.
- b. Jilap plede pou yon Leta dedwa, kote se lalwa ki di ki sa k kab fèt. Kote tout moun respekte lalwa, san fent, san privilèj, paske se li k regle lavi kominote ant sitwayen ki egalego youn ak lòt.
- c. Jilap plede pou yon sistèm Lajistis k ap mache, ki pini koupab yo jan lalwa mande 1.
  - i. Enpinite ak move sitirans se yon gwo rezon ensekirite nan peyi a. Nan chak rapò nou te pale sou kesyon enpinite sa a. Konbyen ankèt k ap fèt, konbyen jijman ki gen rapò ak vyolans peyi a ap viv la ? Lè pa gen jistis, tout moun blije viv nan ensekirite (ensekirite devan lajistis oswa ensekirite jidisyè) ; men tou : fòm ensekirite sa ankouraje lòt ensekirite ak zam, paske pa gen jistis k ap pini koupab yo.
  - ii. Detansyon pwolonje (ilegal) sa a pa ta dwe egziste nan yon leta dedwa kote yo respekte moun.
- d. Jilap plede pou yo respekte diyite ak dwa tout moun.
  - i. Nou deja pale sou sa 1 mare vyolans ak jistis sosyal. Jistis sosyal, se satisfaksyon bezwen fondamantal yo pou yon moun kab viv.
  - ii. Respekte diyite moun se egzije pou koupab yo rann kont. Se fondman lit kont enpinite a.
  - iii. Respè pou moun ki nan detansyon ladan tou. Sistèm penitansye a dwe respekte diyite moun ak dwa yo, menm dwa sa ki koupab la. Prizon yo dwe ranpli wòl yo anndan sosyete : pini moun, men sitou prepare yo pou yo tounen anndan sosyete a kòm sitwayen toutbon.

P. Jan Hanssens,  
Direktè nasional Jilap  
11 jiyè 2007

## **La violence en Haïti, résultat d'un système ?**

Depuis cinq années consécutives, la Commission Episcopale Justice et Paix, en collaboration avec la Commission Archidiocésaine Justice et Paix de Port-au-Prince réalise un travail colossal en répertoriant les personnes mortes de violence dans la zone métropolitaine. Si l'on se propose de jeter un coup d'œil sur ses derniers rapports, on peut constater parfois que le taux de la violence monte et diminue. Cette situation de la violence est-elle le fruit d'un hasard ou bien est-elle conditionnée par quelques facteurs qui échappent à nos yeux ? Autrement dit, y a-t-il des efforts consentis par ceux dont ils incombent d'agir sur ce phénomène. Les réponses restent jusque là pendantes.

En effet, on se demande avec amertume quelle est l'utilité de ce travail ? Est-ce un travail de conscientisation ou un travail de pure et simple dénonciation. Si on dit conscientisation, mais pour qui ? Les auteurs des actes de violences prennent-ils vraiment conscience de ce qu'ils font ? Dans ce cas, seule la dénonciation s'avère utile.

Toutefois, peut-on se borner là et se laver les mains pour dire dans ce cas que nous nous y arrêtons ? Loin de là, parce que ceux qui en majorité perpétuent ces actes ne sont pas les seuls responsables. D'autant plus que ces derniers ne jouent aucun rôle dans la construction de cette société.

Dans ce cas, il nous revient que de pointer du doigt sur ceux qui portent les vraies responsabilités pour leur convaincre de leur rôle et pour qu'ils en fassent un bon usage. Si cette société qui est la nôtre arrive à ce point de décrépitude c'est qu'il y a longtemps qu'on ait commencé à construire ce système de violence lequel atteint aujourd'hui un sommet critique. Les auteurs actuels de la violence ont-ils inventé ce phénomène ?

Tout haïtien digne de ce nom peut répondre par la négative. De plus, qui ne se souvient-il pas des jours glorieux de notre chère armée d'Haïti et la violence qu'elle faisait régner et perpétuer à l'endroit des masses dans les quartiers populeux sans être inquiétés par qui que ce soit. Qui aurait déjà oublié les fameux massacres de Piatre, de Raboteau, etc. et les auteurs de ces actes de violence. Tout cela ne fait-il pas lumière sur le système de la violence ?

Sans hésitation, nous pouvons dire qu'à cette époque la violence représentait un instrument aux mains de l'Etat d'alors et des nantis de ce pays. Et ceci, pour refouler les masses populaires et maintenir le statut quo à tel point qu'on continue de parler encore d'impunité. Les gens « hors la loi » et ceux qui se trouvaient au dessus de la loi ne pouvaient pas vraiment s'identifier à des gens sorties dans des quartiers populeux. A receler quelques uns, ils étaient toujours protégés par des grands qui se sont révélés des intouchables dans notre société.

Autrement dit, une solution à cette problématique ne passerait-elle pas d'abord par la lutte contre l'impunité et promouvoir l'égalité de tous les Haïtiens devant la loi.

A preuve, il suffit de visiter nos centres carcéraux. Seuls ceux incapables de se payer des avocats y sont gardés sans passer devant leurs juges naturels même après deux ans de détention. Avec la nonchalance et la démission des autorités compétentes, ce phénomène d'impunité s'est agrandi aujourd'hui pour devenir un système qui menace toute la société. A côté de ce phénomène qui représente une variable du système de la violence en Haïti. Il ne faut pas perdre de vue la situation de misère, le chômage, l'exclusion sociale et la mauvaise répartition de nos richesses qui constituent d'autres corollaires de cette violence.

C'est pourquoi, depuis deux ans avec son programme de formation de résolution de conflit, la Commission observe des faits inquiétants dans certaines zones considérées jusqu'à maintenant comme des bastions de la violence.

D'aucuns voudraient que l'on condamne sans équivoque les auteurs des actes de violence. Cette logique simpliste ne nous amène-t-elle pas souvent à ignorer les vraies causes de la violence pour ne considérer que les faits ? Autrement dit, cette façon de faire ou d'agir ne témoigne t-elle pas aussi de la mauvaise fois ou du cynisme de ces tenants ?

De plus, comment peut-on comprendre que, dans une zone non loin de la capitale, la plus fréquente cause de conflits soit un problème de matières fécales appelé « *javelot* » qui débouche toujours sur des scènes de violence horrible : « *yon moun fè bezwen nan yon sachè nwa epi balanse l sou do kay vwazen an.* »

Parallèlement, quels projets d'intégration sociale ont été envisagés et conçus au bénéfice de ces gens ? Aucun jusqu'à présent. On ne s'en soucie même pas.

Qui pis est : A cité Soleil, un jeune garçon de 24 ans, en riant laissait voir ses dents émaillés de détritus d'aliments qui remontaient de plus de deux jours. A cet effet, un autre lui disait : « *Dan ou plen kaka.* » Et lui de répondre : « *Mwen gen de jou m pa menm manje, kote se pat m ta achte pou m bwose dan m.* »

Alors, comment ces victimes peuvent-elles résister, survivre et se faire admettre par une telle société qui bafoue leurs droits, mêmes les plus élémentaires ?

En témoigne un autre tableau pour notre illustration et la compréhension du phénomène de la violence en Haïti.

Un jour, un enfant laissé dans une pièce, à l'insu de ses parents, pour attirer leur attention, a déféqué dans un vase et pris ensuite sa matière fécale pour peindre les murs de la maison.

Ce fait nous témoigne combien l'abandon et le mépris peuvent déboucher sur la violence. Cependant, loin de s'ériger en avocat ou en défenseur des gens des quartiers défavorisés qui font de la violence leur seule arme pour résoudre tout leur problème, force est de constater que la situation dans laquelle ils évoluent favorise ou développe leur épanchement pour la violence.

Pour finir, on ne doit pas oublier que dans certaines zones défavorisées de la capitale, la force de la violence donne la suprématie et le pouvoir. Ces gens n'ont pas d'autres modèles que des chefs de bandits à qui la violence a permis de changer leur situation économique. D'autant plus que notre société a tendance à banaliser les vraies valeurs morales pour honorer de préférence ceux qui ont acquis une place au soleil par les moyens illicites et frauduleux. N'est-il pas toujours bien vu le gagnant rusé à côté du perdant moral et vertueux. Alors comment se soustraire aujourd'hui de la violence sous toutes ces formes pour parvenir à ses fins égoïstes et claniques dans une société où il suffit seulement d'arriver ?

*Gilles DJIMPPS  
Secrétaire Général de la Commission Archidiocésaine  
11 juillet 2007*

5 lane

Sòti mwa jiyè 2002 pou rive mwa jan 2007

Mwa	Ane	Kantite ka	Gason	Fi	Timoun	Polis nasyon	Polis etranje	Sekirite	Viktim ki idantifye	Viktim ki pa idantifye
Jiyè	2002	14	11	3					5	9
Out	2002	17	17						8	9
Sektanm	2002	47	39	3	5	1			9	38
Oktòb	2002	37	35	2					1	36
Novanm	2002	40	37	1	2			1	8	32
Desanm	2002	24	23	1				1	10	14
Janvye	2003	9	8		1				6	3
Fevriye	2003	45	43	1	1			1	7	38
Mas	2003	16	15	1					6	10
Avril	2003	43	40	2	1				9	34
Me	2003	33	25	6	2	6			15	18
Jen	2003	23	20	2	1				12	11
Jiyè	2003	28	22	5	1	1			11	17
Out	2003	19	17	1	1				5	14
Sektanm	2003	22	16	2	4				1	21
Oktòb	2003	71+45	50	16	5				19	52+45
Novanm	2003	63+31	48	13	2	2			24	39+31
Desanm	2003	39	35	1	3	2			8	31
Janvye	2004	45	45			3			17	28
Fevriye	2004	153	143	10		3		3	16	137
Mas	2004	145	135	2	8	5		2	26	119
Avril	2004	18	16	1	1				8	10
Me	2004	95	88	6	1	3		3	21	74
Jen	2004	39	33	5	1	2			15	24
Jiyè	2004	35	34	1		5			13	22
Out	2004	43	37	2	4	3			19	24
Sektanm	2004	66	59	5	2	6		1	18	48
Oktòb	2004	86	76	9	1	2			27	59
Novanm	2004	73	66	5	2	3			17	56
Desanm	2004	93	89	2	2	1			28	65
Janvye	2005	63	58	2	3	2		2	20	43
Fevriye	2005	68	60	5	3	5			22	46
Mas	2005	71	66	3	2	6		1	22	49
Avril	2005	77	72	2	3	2	1		27	50
Me	2005	79	69	10	3	2			29	50
Jen	2005	90	76	11		3		3	21	69
Jiyè	2005	98	86	9	3			1	37	61
Out	2005	81	70	7	4	3			44	37
Sektanm	2005	31	27	3	1	1		1	18	13
Oktòb	2005	28	24	3	1		1		9	19
Novanm	2005	66	61	2	3	1		1	19	47
Desanm	2005	43	36	6	1		2		17	26
Janvye	2006	70	66	4		3	3	1	39	31
Fevriye	2006	22	19	2	1	1		1	10	12
Mas	2006	23	19	3	1	4		3	19	4
Avril	2006	17	13	3	1	1			9	8

Me	2006	22	19	2		4		1	11	10
Jen	2006	41	36	4	1	5	-	-	14	27
Jiyè	2006	53	40	9	4	2	-	1	43	10
Out	2006	85	81	3	1	1		1	9	76
Sektam	2006	49	46	3	-	3			23	26
Oktòb	2006	31	30	1	-	2		1	12	19
Novanm	2006	47	43	3	1		2	3	20	27
Desanm	2006	79	74	1	4	5			38	41
Janvye	2007	77	67	8	2				54	23
Fevriye	2007	36	26	6	4	3		2	21	15
Mas	2007	31	25	2	3	1			29	2
Avril	2007	30	20	10	2				27	3
Me	2007	25	24	1	1	2		1	18	7
Jen	2007	15	13	1	-	1	1		10	4
Total	5 lane	3104	790	237	104	111	10	36	1080	2024
100%		100.00	25.45	7.63	3.35	3.57	0.32	1.16	34.80	65.22

Peryòd 6 mwa	Kantite viktim	Viktim anba bal	Zam blanch
Jiye 2002 – desanm 2002	179	96 (53,63 %)	26 (14,53 %)
Janvye 2003 – desanm 2003	169	99 (58,58 %)	15 (8,88 %)
Jiye 2003 – desanm 2003	318	208 (65,41 %)	14 (4,40 %)
Janvye 2004 – jan 2004	495	431 (87,07 %)	13 (2,63 %)
Jiye 2004 – desanm 2004	396	317 (80,05%)	24 (6,06 %)
Janvye 2005 – jan 2005	448	400 (89,29 %)	16 (3,57 %)
Jiye 2005 – desanm 2005	347	254 (73,20 %)	60 (17,29 %)
Janvye 2006 – jan 2006	195	126 (64,62 %)	14 (7,18 %)
Jiye 2006 – desanm 2006	344	297 (86,34 %)	16 (4,65 %)
Janvye 2007 – jan 2007	214	145 (67,76 %)	21 (9,81 %)
Total	3104	2355 (75,87%)	220 (7,08 %)

Kòm dokiman nou prezante n yon grafik ki montre vyolans ki te genyen chak mwa pandan 5 lane.  
Kèk chif :

Total nou rejistre :

Viktim pandan 5 lane sa yo : 3105.

Moun ki mouri ak bal : 2355.

Moun ki mouri ak zam blanch : 220 (souvan se ka jistik popilè : volè / kidnapè)

Moun ki mouri nan aksidan : 529 (viktim trafik oswa dezas anviwònman)

Polisyè ki viktim: 110

Minustah: 11

Fanm : 237 (viktim yo te idantifye kòm fanm)

Timoun: 104 (idantifye tankou timoun: timoun piti).

Yon peryòd kote k te gen anpil vyolans sete sektanm 2004 rive janvye 2006 : 1183 viktim.

Anpil vyolans gen rasin li nan fason yo konprann politik nan peyi a. Li lè li tan pou sitwayen yo rive rezoud divès konfli ak pwoblèm sosyal antre yo ak divès lòt mwayen Leta demokratik bay.